

URL www.MiamiShines.com HASHTAG #MiamiShines

ENTWODIKSYON

Kanpay Miami Shines lan gen pou objektif revigore vwayaj ale nan epi anndan Greater Miami & Plaj yo, nan bay moun ki gen anvi fè eksperyans vwayaj enspirasyon. Miami Shines gen entansyon pou li mete aksan sou kèk nan faktè esansyèl ki fè Miyami se yon destinasyon vwayaj inik, ansanm avèk lespri dinamik ak enèji li. Dokiman sa a prezante kèk pi bon pratik, konsèy ak trik pou pwomouvwa biznis ou nan kad inisyativ sa a.

PWOGAME LOGO



KOULÈ PRENSIPAL



KALITE LÈT

Pwogram: **Neutraface 2 Tèks an gra ak Adobe Caslon pro**
 Kopye: **Helvetica ou byen Arial**

ITILIZASYON LOGO

Logo a dwe itilize sou tout pwogram kolateral. Dwe gen ladann GREATER MIAMI AK PLAJ YO (Ka sèlman retire sou tèks oswa materyèl dijital ki pi piti si yo pa ka li yo.)

[KLIKE LA POU TELECHAJE LOGO YO](#)

[KLIKE LA POU TELECHAJE VIDEYO YO](#)


PI BON PRATIK ÒGANIK POU REZO SOSYO

Chak rezo sosyal diferan, men kèk sijasyon pou yon ekspozisyon sou rezo sosyal ki pi fò:

- » Toujou mete lyen pou sit wèb nou an (GMCVB.com/MiamiShines) lè sa posib, paske sa sèvi kòm yon trè bon resous pou aprann enfòmasyon sou kanpay Miami Shines lan.
- » Piblikasyon ki pwograme nan apremidi & aswè (12-7 p.m.) nòmalman gen plis ekspozisyon ak angajman. Itilize analiz Facebook, Twitter, ak Instagram pou detèmine pi bon moman pou pibliye pou odyans ou an.
- » Si w ap chèche pou ranfòse vizibilite pou odyans ou a, panse a ranfòse piblikasyon òganik ou a. Sonje se pi bon fason pou rete pi jenerik nan sa w sible a.
- » Tanpri mete senbòl (tag) @MiamiandBeaches sou Instagram epi @VisitMiami sou Facebook pou nou ka ede ranfòse mesaj ou a sou chèn nou yo.
- » Pou piblikasyon a lavni yo, ou ka itilize fichye PNG yo lè w klike bouton "Click Here to Download Logos" (Klike la pou telechaje logo yo) ki anlè a pou ajoute logo Miami Shines nan sou nenpòt imaj ou pataje sou chèn ou yo. Ou kapab itilize PhotoShop oswa zouti gratis pou edite foto sosyal tankou Canva pou fè sa.

PI BON PRATIK POU INSTAGRAM

Sa a se yon egzanzp kijan pou pi byen pwomouvwa Miami Shines ak patisipasyon w nan kanpay la sou Instagram. Pa ezite pou w itilize sa a tankou yon baz epi ajoute touch pa w ladann. Tanpri mete tou senbòl (tag) @MiamiandBeaches epi itilize siy hashtag #MiamiShines.



- Nou fè ekip ak @MiamiandBeaches pou fè tout moun konnen #MiamiShines (Miyami briye) pou ou! Nou eksite pou nou akeyi w ak lespri dinamik Miami an e nou pa ka tann pou nou ede w fè pwochen vwayaj (sejou/vwayaj sou wout) ou isit la pi bon vwayaj ou jiska prezan!


Lòt Konsèy pou Instagram

Sou Instagram ou ka itilize jiska 30 hashtags (<15 mache pi byen) pou ede ranfòse prezans òganik ou. Tanpri asire w ke w mete hashtag #MiamiShines, ansanm avèk lòt hashtags lokal, hashtags mak espesifik, ak hashtags ki gen plis trafik yo. Prefere sa ki enpòtan ak sa ki fè aktyalite sou tout lòt bagay.

- » Imaj ak videyo kare (rapò 1:1) ak koulè vif mache pi byen sou fil Instagram nan.
- » Itilize eleman pou platfòm ki natif natal tankou otokolan, preferans pou yon bagay espesifik ak lantiy lè sa posib pou bay kontni (sa w ap pibliye a) yon santiman otantik epi pou kaptire atansyon.
- » Pifò kont biznis pèmèt ou pataje yon piblikasyon nan istwa ou (your story). Stories nan Instagram prezante videyo ki kout epi imaj nan yon fòma dyaporama pou 24 trè. Sa se yon bon taktik si w ta vle pataje pwochen piblikasyon yo vit ak kontni #MiamiShines. Asire w ke w mete senbòl (tag) @MiamiandBeaches la epi itilize hashtag #MiamiShines la nan kontni pou stories Instagram yo.
- » Rete aktif otan ke posib nan reponn komantè epi angaje ak odyans ou.

PI BON PRATIK POU FACEBOOK

Sa a se yon egzanzp kijan pou pi byen pwomouvwa Miami Shines ak patisipasyon w nan kanpay la sou Facebook. Pa ezite pou w itilize sa a tankou yon baz epi ajoute touch pa w ladann. Tanpri mete tou senbòl (tag) @MiamiandBeaches epi itilize siy hashtag #MiamiShines.



- Nou eksite pou nou patnè avèk @VisitMiami pou ede fè pawòl la sikile sou jan #MiamiShines (Miami Briye)! Nou pa ka tann pou ou vin jwi lespri dinamik ak kilti enkwayab Miami. Gade dènye òf nou yo pou ede planifye pwochen vwayaj ou (sejou/vwayaj sou wout) Miami.

Lòt Konsèy pou Facebook

- » Piblikasyon imaj ak kawousèl (foto ak videyo konbine) mache pi byen paske piblikasyon ak tèks. Itilize platfòm nan pou montre imaj ki angajan.
- » Eseye rakonte yon istwa nan chak sa nou pibliye (poste). Kit se panse dèyè istwa a, yon souvni pozitif Miyami, oswa detay pou yon evenman vityèl (sou entènèt) k ap vini, istwa yo ede mennen koneksyon pi pwofon.
- » Konsidere mesaj ou a lè w ap chwazi ki kalite tèks oswa imaj w ap pibliye. Kawousèl (foto ak videyo konbine ansanm) ak dyaporama ka rakonte yon istwa enteresan, alòske evenman yo ap fè yon bon travay nan konstwi pou yon ensidan espesifik.
- » Pa pè rantre nan konvèsasyon an nan komantè yo. Apre tou, rezo sosyo dwe sosyo! Poutèt klima pandemi a, asire w ke w gen bagay ki pase vre olye de rimè lè w ap palè sou pwoblèm sante ak lòd yo pase sou sa.
- » Pou piblikasyon ki bay boustè, tèks la pa ka pran >20% nan imaj vityèl la (sa aplike pou Instagram tou), oswa li pap poste. Ou ka itilize Zouti Kadriyaj Facebook (Facebook's Grid Tool) la pou verifye si imaj ou yo konfòm ak sa yo mande a.

LIY DIREKTRIS RETABLISMAN MIAMI SHINES POU PIBLIYE VIDEYO

PI BON PRATIK PIBLIKASYON VIDEYO

- » Poste ak tit epi deskripsyon kòrèk la pou videyo a.
- » Chwazi yon tit idantifyan ki atire moun pou videyo a lè w ap monte videyo a sou chak platfòm. Sou Facebook ak Instagram tit idantifyan sa yo ta dwe mwens pase 20% tèks.

- » Mennen plis angajman, pataje ak wè lè w pibliye videyo a dirèkteman sou chak platfòm olye pou liye li ak videyo sou YouTube oswa lòt sit.
- » Sèl videyo vètikal ta dwe itilize sou stories sou Instagram ak Facebook.
- » Pibliye videyo a sou Instagram Stories se yon bon fason pou prezante videyo a. Stories yo pèmèt ou pou ajoute eleman vizyèl adisyonèl (GIFS, otokolan, sipè, elatriye...) oswa yon apèl pou askyon. Sa ka ede w atire atansyon itilizatè yo pandan y ap monte desann sou ekran yo pami plizyè stories. Tanpri note ke maksimòm longè videyo pou yon Instagram Story se 15 segonn.
- » Nan moman sa a, stories yo gen plis aktivite pase videyo nan fil yo.
- » Ou ka fè swivi sou sijè piblikasyon videyo ou a lè w pibliye videyo a nan menm fil la pou jwenn moun an plis ki wè videyo a.
- » Kontinye swiv pi bon pratik chak platfòm endividyèl.

**GID POU VIDEO KI
POSTE SOU INSTAGRAM**

- ° Rezolisyon ki rekòmande se 1080 x 1920
- ° Rezolisyon minimòm se 600 x 1067
- ° Fòma se 9:16
- ° Gwosè maksimòm fichye se 4GB
- ° Fòma videyo ki rekòmande se .MP4 ak .MOV
- ° Longè maksimòm videyo se 15 segonn

**GID POU VIDEYO KI
POSTE SOU FACEBOOK**

- ° Dimansyon videyo ki rekòmande se 1280 x 720 pou Peyizay ak Pòtrè.
- ° Lajè minimòm se 600 piksèl (longè a depann de fòma a) pou Peyizay ak Pòtrè
- ° Fòma a pou Peyizay se 16:9.
- ° Fòma pòtrè se 9:16 (si videyo a gen lyen ladan l, fòma a se 16:9)
- ° Telefòn pòtab fè tou lè de kalite videyo yo ak yon fòma 2:3
- ° Gwosè maksimòm fichye se 4GB
- ° Fòma videyo ki rekòmande se .MP4 ak .MOV
- ° Longè maksimòm videyo se 120 minit
- ° Kad maksimòm videyo se 30fps

Kantite Limit Karaktè

- ° Kantite maksimòm: 2,200 karaktè
- ° Rekòmande: 90 karaktè (si se lyen ki itilize)
- ° Maksimòm pou tit: 25 karaktè
- ° Maksimòm pou deskripsyon lyen: 30 karaktè

**GID POU VIDEO
SOU FACEBOOK**

- ° Dimansyon minimòm 500 x 500
- ° Fòma: 1.91 a 9:16 ak ba degrade ki gen koulè ou wè anwo ak anba videyo ki pi ba pase 9:16.
Chan tèks la prale anba videyo ki pi piti pase fòma sa a
- ° Gwosè maksimòm fichye se 4GB
- ° Longè maksimòm videyo se 15 segonn
- ° Fòma videyo ki rekòmande se .MP4 ak .MOV

[KLIKE LA POU TELECHAJE VIDEYO YO](#)